каб.-11-5. 64 б.

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ

## 11 КЛАСС

1. Пщым (Амыщ) езым и IэкIэ Алъпигъэкъабзэрт. 2. Япэ щIыкIэ мэкъу гъущэкIэ зэпилъэщIыхьырт, итIанэ игъэпскIырт. 3. Сыт хуэдиз псалъэ гуапэкIэ ар абы и тхьэкIумэм иIущащэрэт. 4. ЗыщIэ щыIэкъым и псэм пищI и шым абы жриIахэр зищIысымр эзыхуэдизымрэ! 5. Зейм хуэпэж Алъп абы и ужь икIыртэкъым, пщыр хъушэм щыкIуа уахътыхэм, къызэрилъагъуу гуфIэу щыщырт, фIалъэкIэ щIыр кърихтхъурт. 6. МащIэу зэрефийуэ е и Iэгур зэрызэтригъауэу Амыщ деж къажэрт. 7. Зипкъыр мыкIыхь дыдэ, къыууэ зи пщэр гъэша, зи пэр щIыбыкъуэ, зи нэгу губзыгъэ – апхуэдэт Амыщ и уанэ шыр. 8. «АдыгэлIым и ныбэ егъэныкъуэри и шым и ныбэ ирегъэкъу» жыхуаIэрати, зэи къэхъуакъым, и шыр имыгъашхэу, ар езыр Iэнэ щыпэрытIысхьа. 9. Алъп япэ псы ткIуэпс щызыIуигъэхуаи къыхуихуакъым. 10. Абы нэхъ къыхуэпэжи ныбжьэгъу иIакъым. 11. Зэгуэр, Псыжь зэпрыкIауэ, къэзакъышэм ар уанэгум ирихат. 12. Кърихри щыхупIэм щыхуащ, псы цIыкIу гуэрым и къуэбэкъум дэхуэу. 13. Амыщ и гупым зауэ гуащIэ иращIылIат къэзакъ плъырхэм. 14. Куэдрэ къалъыхъуащ гупым я пашэр, ауэ ягъуэтыжакъым. 15. Къэзакъхэм дэIэпыкъуэгъу къащыIэрыхьэм мыхэр къикIуэтын хуей хъуащ. 16. ЗэгъуэкI ихуа нэужь, еплъмэ, ишри бзэхат. 17. «Тесам ещхьу арии биишэм ихьащ» - жаIащ гупым. 18. Ауэ Алъп псэут. 19. Псыхъуэм зыщигъэпщкIури, гупыр къыщIэзыгъэIахэр лъэныкъуэ езыжа нэужь, шым псыIэрышэм и нэпкъ лъагэм ех лъагъуэ къигъуэтри, лъэгум дыхьащ, и уанэгу исар къилъыхъуэжщ, бгъурыгъуалъхьэщ, зыщихъуэм, етIыркъыурэ зыкъригъэщIэжри зэпрыуур уанэгум кърегъэгъуэлъхьэжащ. 20. Гупым япэ ихуэу къуажэм къэсыжащ Алъп, зыкъэзымыщIэжа пщыр къихьыжри. 21. Амыщ и зекIуэгъухэм къагъэзэжа нэужь, яш хъыжьэ къызэщIэплъахэр пщым и куэбжэпэм деж къыщыжьэдакъуащ икIи хъыбар гуауэ къыздэзыхьа зекIуэлIхэр,хабзэм тету, бжэIупэм Iухьащ, я щхьэр къыфIэхуауэ.

22. Ахэр къэзылъэгъуа унэIутым, пырхъуэм къытохьэри,жеIэ:

23. –Дотэ нэхур къэкIуэжащ. 24. Ди гъунэгъу къуажэм къикIа Iэзэр абы йоIэзэ. 25. Шыбгъэрыуэ ищIу,бийм я шырэ я лIырэ мащIэрэ зэтриудакъым, Амыщ кIэрахъуэ къытезыгъэпса е сэшхуэ къытезышэщIа мащIэ абы дзэкIэ ифыщIакъым. 26. Мис апхуэдэт мы жылэм щагъэхъу щолэхъухэр. 27. Адрей къуажэхэми апхуэдэт. 28. Къэбэрдей уэркъхэм апхуэдэшт зэрашэр. 29. Арауи къыщIэкIынт «Адыгэшрэ лIы бэшэчрэ» щIыжаIэр, адыгэ шуудзэм къытекIуэ щIыщымыIэр. *(Вэрокъуэ В.).*

65б

## ТЕКСТЫМ ЩЫГЪУ ЛЭЖЬЫГЪЭХЭР

2б **1.** *Iухьэри, имыгъашхэу, унэIутыр, укъэкIуэжа* псалъэхэр пычыгъуэкIэ зэпыудын Iу-хьэ-ри, и-мы-гъа-шхэу, у-нэ-Iу-тыр, у-къэ-кIуэ-жа

7б **2.** 20-28-нэ псалъэухахэм хэт жьы хъуа псалъэхэр къыхэфтхыкI пщы, зекIуэм, унэIут, уэркъ, Дотэнэжу, шыбгъэрыуэ.

2б **3.** *ЗэгъуэкI ихуа нэужь* псалъэхэр сыт хуэдэ мыхьэнэ иIэу къигъэсэбэпа авторым нэжэгуфIыжэуиэ, къуэгъанапIэ, и закъуэрыуэшэуэжь.

2б **4.** 3-нэ псалъэухам хэт *иIущащэрэт* псалъэм синоним къыхуэфхь ипэжщащэрэт.

5б **5.** 16- 21-нэ псалъэухахэм хэт фразеологизмхэр къыхэтхыкIын зэгъуэкIыхуа, щэныкъуэфэзыжьа, жабзэшэфтету, я щхьэркъырыбжэуауэ.

2б **6.** Текстым псалъэжь хэтмэ, къыхэфтхыкI „Адыгэлъым и ныбэегъэныкъуэри и шым и ныбжэрыегъэкъуу", „Адыгэщрэлъыбэшэ...

2б **7.** Текстым хэт щыIэцIэ унейхэр къыхэфтхыкI: Ашиху, Альп, Псыжъ, Къэбэрдей

7б **8.** 19-нэ псалъэухам хэт мы псалъэхэр зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэр вгъэбелджылы: *нэужь* (союз), *и* (частица) *ех* (залэзь причастие) *исахэр* (залэзь причастие), *къилъыхъуэжщ* (глагол), *етIыркъыурэ* (деепричастие), *зэпрыууэ* (наречие).

2б **9.** 11-нэ псалъэухам хэт *ирихат* глаголым щхьэ дапщэ иIэ? щыщугI.

5б **10.** 13-нэ псалъэухам зэкIуныгъэ зэпхыкIэ зиIэ псалъэ зэпхахэр къыхэфтхыкI заущ щаугIэ, къэзакъ пшыпсэр; зэпсэкIэ тIуауIэ здэщуэлэзер (зэкIуныгъэ, зегъэкIуэныгъэ), атжан щыуагъэ зэукукъыш: и гупым, гупым иратIылат, зауэ иращылат.

3б **11.** Лъэпкъ IуэрыIуатэмрэ литературэмрэ адыгэлIымрэ адыгэщымрэ я зэхущытыкIэр къызэрыщыгъэлъэгъуар и тегъэщIапIэу сочинэнэ фтхы.

*ЕхъулIэныгъэ фиIэну!*

„Адыгэлъым и ныбэ егъэныкъуэри и шым и ныбэ иригъэкъу"
жыхуаIэрауэ, зэи къэзэуакъым, и шыр шымыгъашхэу, ар езыр
бэнэ щыпIэрытIысэжа. Адыгэлъым шым нэхъ къыхуэпэжи,
ныбжьэгъу щIакъым.
Эпосым жыри шыри зэдеуегъэдэ, шыри Iущу, цIыхуи епщэу,
... ... Я щIыхьэт тогъуэ, шыр цIыхуим

и нэбжьэгъу пэжу зэрыщытым, адыгэхэм абы фIы-лъагъуныгъэу хуаIэм, адыгэм и кIабзэ къызэригъэзэжурым.

Софыкъуэ и Тхьэгуэжьейри алъхэдэщ: абы и Iэпкълъэпкъри жырым хуэдэу быдэщ, зыщышынэ щыIэкъым, и лъэгу щабэм фIэкIа. Пасэгъуэрыжь ящыщ, мыжьэрэ нэдгъэм къытенэкIэ мэшынэ.

Арауи къыщIэкIынт "Адыгэжьрэ мы Бэлъгъэрэ" щыжаIэр, адыгэ щIыуэзэм къытекIуэ щыщымыIэр.

28б

64б.

Проверила – Тауканова З. Ч.